

Nouvo Lwa Konsènan Pwodwi Tabak NYC yo se pou OU si Ou ...

- Gen yon famasi
- Vann oswa gen plan pou vann *nepòt* pwodwi tabak
- Vann sigarèt elektwonik

Depatman Afè Konsomatè NYC (NYC Department of Consumer Affairs, DCA) te kreye apèsi sa a pou ede ou konprann kijan nouvo lwa konsènan pwodwi tabak la afekte biznis ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb DCA a nan nyc.gov/dca.



Sa Ou Bezwen Konnen Si Ou

Kreyòl Ayisyen | Haitian Creole



Gen yon famasi

Lwa NYC entèdi famasi ak biznis ki gen famasi anndan yo gen lisans pou vann pwodwi tabak ak sigarèt elektwonik nan vil la. Apati 28 out 2017, DCA pa pral aksepte aplikasyon nan men famasi pou *nouvo* lisans Vandè Sigarèt an Detay (Cigarette Retail Dealer) yo ankò. Famasi yo pa kalifye pou aplike pou lisans Vandè Pwodwi Tabak an Detay (Tobacco Retail Dealer) oswa Vandè Sigarèt Elektwonik an Detay (Electronic Cigarette Retail Dealer) yo. DCA ap refize aplikasyon nan men biznis yo detèmine ki se famasi oswa biznis ki gen famasi anndan yo. Si DCA ta dekouvri yon famasi te jwenn yon lisans yon fason ilegal, DCA ap anile lisans la.



Dat Kle pou Tout Famasi

- ✓ **23 out 2018:** Entèdiksyon pou sigarèt elektwonik la kòmanse. Li ilegal pou famasi oswa biznis ki gen famasi anndan yo vann sigarèt elektwonik nan NYC.
- ✓ **1^{re} janvye 2019:** Entèdiksyon pou pwodwi tabak la kòmanse. Li ilegal pou famasi oswa biznis ki gen famasi anndan yo vann sigarèt oswa lòt pwodwi tabak nan NYC. Menm si ou gen yon Anrejistrement Pwodwi Tabak Eta New York sa pa fè anyen.



Dat Kle pou Famasi ki gen Lisans Vandè Sigarèt an Detay KOUNYE a

- ✓ **31 desanm 2017:** Dat ekspirasyon pou lisans ane chif enpè yo. Ou ka renouvelé lisans la pou yon (1) ane. Pake renouvelman lisans ou a ap gen detay yo ladan. Frè renouvelman an se \$55 oswa \$100 selon kote ou renouvel a.
- ✓ **23 fevriye 2018:** Dat ekspirasyon pou lisans Vandè Sigarèt an Detay ou ki renouvelé.
- ✓ **24 fevriye 2018:** Lisans Vandè Sigarèt an Detay ou a ap vin yon lisans pou Vandè Pwodwi Tabak an Detay otomatikman. Avan lisans ou a eksplire, w ap resevwa **nouvo dokiman lisans Vandè Pwodwi Tabak an Detay ou a, epi ou dwe afiche li.**
- ✓ **28 fevriye 2018:** Si ou pa soumèt aplikasyon renouvelman ou a nan dat sa a oswa avan sa, ou p ap ka renouvelé lisans ou a, epi **ou p ap ka aplike pou yon nouvo lisans.**
- ✓ **31 desanm 2018:** Dat ekspirasyon pèmanan pou lisans ou pou vann sigarèt oswa pwodwi tabak nan NYC.



Vann oswa gen plan pou vann nenpòt pwodwi tabak

Si ou gen yon Lisans Vandè Sigarèt an Detay KOUNYE a (Biznis ki pa Famasi)



Dat Kle pou Moun ki gen Lisans yo

- ✓ **31 desanm 2017:** Dat ekspirasyon pou lisans ane enpè yo. Ou ka renouvre lisans la, k ap ekspire nan dat 23 fevriye 2018. Pake renouvelman lisans ou a ap gen detay yo ladan. Frè renouvelman an se \$110 oswa \$200 selon kote ou renouvre a.
- ✓ **23 fevriye 2018:** Dat ekspirasyon pou lisans Vandè Sigarèt an Detay (Cigarette Retail Dealer) ou ki renouvre.
- ✓ **24 fevriye 2018:**
 - Lisans Vandè Sigarèt an Detay ou a ap vin yon lisans pou Vandè Pwodwi Tabak an Detay (Tobacco Retail Dealer) otomatikman. Avan lisans ou a ekspire, w ap resevwa **nouvo dokiman lisans Vandè Pwodwi Tabak an Detay ou a, epi ou dwe afiche li.** Nouvo lisans la ap montre dat ekspirasyon konplè ki apwopriye a.
 - **Limit pou Vandè Pwodwi Tabak an Detay yo kòmanse. Gade nan seksyon Limit Distri Kominote yo.**
- ✓ **28 fevriye 2018:** Si ou pa soumèt aplikasyon renouvelman ou a nan dat sa a oswa avan sa, ou p ap ka renouvre lisans ou a, **epi ou p ap ka aplike pou yon nouvo Lisans Vandè Pwodwi Tabak an Detay jiskaske lisans yo disponib nan distri kominote ou a.**

Si ou Pa gen yon Lisans Vandè Sigarèt an Detay KOUNYE a (Biznis ki pa Famasi)

DCA vrèman ankouraje ou soumèt yon aplikasyon konplè pou yon lisans Vandè Sigarèt an Detay san pèdi tan. Yon "aplikasyon konplè" gen tout dokiman ak enfòmasyon yo mande yo. Ou ka jwenn aplikasyon an sou entènèt nan nyc.gov/dca, lè ou rele 311, oswa fas-a-fas nan Sant Lisans DCA (DCA Licensing Center) oswa Sant Sipò Ti Biznis NYC (NYC Small Business Support Center).

Si ou pa jwenn yon lisans Vandè Sigarèt an Detay, ou p ap ka jwenn yon lisans Vandè Pwodwi Tabak an Detay pou vann pwodwi tabak apre 24 fevriye 2018 lè limit distri kominote a pral an plas pou Vandè Pwodwi Tabak yo. Apati 24 fevriye 2018, l ap ilegal pou vann pwodwi tabak, tankou sigarèt, siga, tabak pou moulen, tabak pou pip, tabak ou ka woule, poud tabak mouye, bidi, chicha, oswa tabak ki ka fon, nan NYC san yon lisans Vandè Pwodwi Tabak an detay. **Pa blyie dat kle yo ki anba la a, sinon ou ka pa ka jwenn yon lisans Vandè Pwodwi Tabak an Detay.**



Dat Kle pou Moun k ap Aplike yo

- ✓ **12 janvye 2018:**
 - DCA p ap aksepte aplikasyon ki pa konplè yo fas-a-fas.
 - **Ou p ap ka soumèt yon aplikasyon sou entènèt ankò.**
 - Limit sou kantite lisans Vandè Pwodwi Tabak an Detay la ap kòmanse nan dat 24 fevriye 2018. Nou konseye ou soumèt aplikasyon konplè ou avan 12 janvye 2018. DCA ap egzaminen **APLIKASYON KONPLÈ** yo nan lòd li resevwa yo a.
- ✓ **24 fevriye 2018:**
 - DCA p ap aksepte aplikasyon pou yon lisans Vandè Sigarèt an Detay ankò.
 - Si DCA pa te ba ou yon lisans avan dat sa a, ou p ap resevwa yon lisans Vandè Pwodwi Tabak an Detay.
 - L ap ilegal pou w vann pwodwi tabak nan NYC san yon lisans Vandè Pwodwi Tabak an Detay.



Vann sigarèt elektwonik

Apati 23 out 2018, tout boutik ki vann sigarèt elektwonik nan NYC dwe gen yon lisans Vandè Sigarèt Elektwonik an Detay (Electronic Cigarette Retail Dealer). Lisans la ap bon pou de (2) zan. Frè pou lisans la se \$200. **Pou jwenn yon lisans Vandè Sigarèt Elektwonik an Detay, ou dwe sètifye ou t ap vann sigarèt elektwonik depi 28 out 2017 oswa avan sa.** Yo ka mande pou ou bay prèv sa ou te vann yo depi dat sa a.

Li ilegal pou vann sigarèt elektwonik oswa nikotin likid bay nenpòt moun ki poko gen 21 lane. Sanksyon:

- Si ou vann sigarèt elektwonik bay nenpòt moun ki poko gen 21 lane, oswa livre sigarèt elektwonik bay nenpòt ki moun de (2) fwa nan yon peryòd twazan, y ap anile lisans Vandè Sigarèt Elektwonik an Detay ou a.
- Biznis k ap vann sigarèt elektwonik san yon lisans DCA ap gen pou yo peye yon amann \$100 pa jou kòmanse nan dat enspeksyon an jiska dat odyans la.



**Dat Kle pou Moun k ap Aplike yo
(dwe t ap vann nan dat 28 out 2017 oswa avan sa pou aplike)**

- ✓ **25 janvye 2018 jiska 25 avril 2018:** Peryòd Aplikasyon Inisyal la. DCA ap kòmanse aksepte aplikasyon 25 janvye 2018. DCA ap sispann aksepte aplikasyon 25 avril 2018.
- ✓ **25 janvye 2018:** Li ilegal pou livre sigarèt elektwonik bay kliyan yo. Se sèlman nan boutik ou w ap ka vann sigarèt elektwonik.
- ✓ **23 out 2018:** L ap ilegal pou w vann sigarèt elektwonik nan NYC san yon lisans Vandè Sigarèt Elektwonik an Detay. Nouvo aplikasyon an pral depann sou Limit Distri Kominote yo (gade paj ki vini apre a).
- ✓ **30 novanm 2019:** Dat ekspirasyon pou lisans yo te bay pandan peryòd aplikasyon inisyal la. An 2019, tout moun ki gen lisans aktif ki pa gen pwoblèm yo ap resevwa yon pake renouvèlman san gade sou limit la. Lisans la ap ekspire 30 novanm ane chif enpè yo.

Limit Distri Kominote yo

Selon lalwa, DCA pral mete limit sou kantite lisans Vandè Pwodwi Tabak an Detay (Tobacco Retail Dealer) ak Vandè Sigarèt Elektwonik an Detay (Electronic Cigarette Retail Dealer) pou chak distri kominote yo te etabli selon Chapit 69 nan Konstitisyon Vil New York la. Limit la pral:

- 50% kantite lisans Vandè Pwodwi Tabak an Detay ki aktif nan dat 24 fevriye 2018
- 50% kantite lisans yo bay Vandè Sigarèt Elektwonik an Detay apre peryòd aplikasyon inisyal la

Apre yo fin etabli limit la:

- DCA **p ap aksepte** aplikasyon pou lisans Vandè Sigarèt Elektwonik an Detay oswa Pwodwi Tabak an Detay jiskaske kantite lisans nan yon distri kominote vin tonbe anba limit pou kategori sa a.
- Kèlkeswa limit la, **DCA pral aksepte yon novo aplikasyon** nan sitiyasyon sa yo sèlman depi gen yon lisans ajou ak aktif ki pa gen okenn pwoblèm nan menm kategori a nan adrès la EPI *nouvo biznis la aplike pou yon novo lisans avan 30 jou apre lavant la.*
 - Nouvo aplikasyon nan men yon moun oswa biznis yo anile lisans li paske gen yon *chanjman nan pwopriyetè* antrepriz, patenarya, oswa LLC (Antrepriz ak Responsabilite Limite).
- Kèlkeswa limit la, DCA **ap aksepte aplikasyon renouvèlman** nan men Vandè Pwodwi Tabak an Detay ak Vandè Sigarèt Elektwonik an Detay.

Biwo Sant Lisans yo



DCA Licensing Center (Sant Lisans DCA)

42 Broadway, Lobby
New York, NY 10004
Lendi pou vandredi: 9:00 a.m.–5:00 p.m.
Mèkredi: 8:30 a.m.–5:00 p.m.



NYC Small Business Support Center (Sant Sipò Ti Biznis NYC)

90-27 Sutphin Blvd, 4th Floor
Jamaica, NY 11435
Lendi pou vandredi: 9:00 a.m.–5:00 p.m.



Consumer
Affairs

Lorelei Salas
Commissioner

Departman Afè Konsomatè NYC (NYC Department of Consumer Affairs, DCA) pwoteje epi amelyore lavi ekonomik toulejou Nouyòkè pou kreye kominote kap devlope.